



# Kisa SEPAC ye?

Yon SEPAC se yon Konsèy Konsiltatif Paran pou Edikasyon Espesyal. Tout moun k ap pran swen elèv andikape yo otomatikman manm SEPAC nan vil yo. Gen kèk lekòl endepandan ak lekòl edikasyon espesyal ki gen SEPAC yo tou. Lòt moun tou ka vin manm, tou depann de règleman entèn chak SEPAC.

Yon SEPAC bay moun k ap bay swen yo yon fason pou yo konseye administratè lekòl yo pandan y ap kreye ak/oswa amelyore pwogram, règleman ak pratik ki gen enpak sou elèv andikape yo.

SEPAC yo òganize reyinyon ak prezantasyon sou sijè edikasyon espesyal pandan ane lekòl la. Gen kèk ki ofri tou gwoup sipò ak evènman amizan pou jèn ak/oswa fanmi yo.

Chak distri lekòl piblik nan Massachusetts oblige etabli yon SEPAC. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte SEPAC lokal ou a sou sitwèb distri lekòl ou a (anjeneral sou paj depatman edikasyon espesyal la) oswa lè w rele biwo edikasyon espesyal distri a.



**Pou li plis enfòmasyon sou  
Konsèy Konsiltatif Paran pou  
Edikasyon Espesyal an Angle,  
Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak  
Panyòl:  
[www.doe.mass.edu/sped/pac](http://www.doe.mass.edu/sped/pac)**

**Pou sipò 1:1 konsènan  
SEPACs, vizite:  
<https://fcsn.org/masspac>**



FEDERATION FOR CHILDREN  
WITH SPECIAL NEEDS

**www.fcsn.org  
529 Main Street, Suite 1M3 | Boston, MA 02129  
(617) 236-7210 | (800) 331-0688**

